
NYC Mayor's Office of Immigrant Affairs

# Yoon yi aju ci Dëkku làqukaay ci dëkku taaxu New York City



Fewriye 2025

Wolof

# Buumu jokkoo bu Biro Meeri buy taxawu Mbiri Doxandeem yi (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon

## Wooteel ci 1-800-354-0365

### Dale ko Altine ba Àjjuma, juróom ñeent waxtu ci suba ba juróom benn waxtu ci ngoon

**Firi làkk jàppandina ci làkk wi nga taamu**

Ngir am ci sutura ay ndimbal ci wàllu yoon te doo fey dara, doxandeem yi nekk New York mën nañu woote ci buumu jokkoo bu MOIA buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon.

# Buumu jokkoo bu dëkku taaxu New York ci bes bu ne ak waxtu bu ne

## Wooteel ci 311

### Waxal "Immigration" (Doxandeem)

**Firi làkk jàppandina**

Yoon yi aju ci mbiru doxandeem lu jafe la. Moytul ñiy naxaate ci wàllu yoon yi aju ci mbiri doxandeem yi wala defkatu njuuc-njaac yi la mëna nax.

**Bàyyi ci xel:** Noteer buy ligeeyee ci nguur gi bu nekkul awokaa bu am ndigal mënu la bindal sa kayiti doxandeem wala mu jebbal ko ci sa tur. Mënu ñu la tamit xelal ci wàllu yoon.



Téere bii dafay joxe ay xibaar yu jëm ci ñépp. Nekkul ay xelal ci wàllu yoon. Seetil ab awokaa ngir am ay xelal ci wàllu yoon.

# New York dafa fonk dundu képp ku nekk ci New york. Xoolu nu sa nekkinu doxandeem, danu bëgg nga am jàmm boo nekkee fii.





Téere bii dafay joxe ay xibaar yu jëm ci ñépp. Nekkul ay xelal ci wàllu yoon. Seetil ab awokaa ngir am ay xelal ci wàllu yoon.

**Dëkk bi am na ay yoon yu ñu tëral ngir aar say mbiru bopp.**

Soo amee ay laaj yu jëm ci naka la ab waa asaans di jëfandikoo say xibaar, mën nga leen ko laaj.

**New York Yoon yu ñu tërël ci dëkku taaxu dañu wutal bépp asaans bu fi nekk fu muy yem** ànd ak sàmmoo anam yu ñu mëna jëfandikoo ay moomeelu dëkku taaxu New York, ay waxtoom, ak ay jumtukaayam ngir ay jàppandal jëfe yoon yi Réew yu booloo yu Amerig tërël ci wàllu doxandeem.

Yoon yu ñu tërël ngir àar doxandeem yi ci dëkku taaxu New York **tekkiwul ni** kepp ku nekk ci dëkku taaxu New york kenn du la delloo sa réew.

Nañ laay mëna aare sama bopp?

# 1 Defaral sa palaaŋ njaboot.

**Tànnal kenn kooy jokkool ci jamonoy jafe-jafe te nga jàpp nimero telefonam.** Kenn ki ngay jokkool ci jamonoy jafe-jafe mën na nekk nit koo am koolute ci moom – kenn ci sa waa-kër, xarit, njiitu askan, wala ab awokaa.

**Ràññeel say kayit** te nga deñc leen ci barab bu baax ndax say mbokk mën cee jot ci jamonoy jafe-jafe.

**Tànnal ab wattukat bu jàppandi: koo am koolute ndax mu mëna toppatoo sa doom saa bula yoon tegee loxo.** Wattukat yu jàppandi yi am nañu sañ-sañu jël ay dogal yu am solo ci xale yi ñu yore, yu ci melni dogal yu am solo ci wàllu pajum xale ak dogal ci fi xale bi wara jàngee.

**2** Moytul dugg ci jafe-jafe ak kilifay nguur gi

**3** War nga moytu di duggu ci xëccoo ak di jàmbaarloo ak alkaati yi nga xam ni seen ligeey mooy jëfe yoon.

**4** Bul def lenn lu yoon di tere.

## Buumu jokkoo bu MOIA buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon

# Wooteel ci 1-800-354-0365

### Dale ko Altine ba Àjjuma, juróom ñeent waxtu ci suba ba juróom benn waxtu ci ngoon

**Firi làkk jàppandina ci làkk wi nga taamu**

Ngir am ci sutura ay ndimbal ci wàllu yoon te doo fey dara, doxandeem yi nekk New York mën nañu woote ci buumu jokkoo bu MOIA buy taxawu doxandeem yi ci wàllu yoon.

## Buumu jokkoo bu dëkku taaxu New York ci bes bu ne ak waxtu bu ne

# Wooteel ci 311

### Waxal "Immigration" (Doxandeem)

**Firi làkk jàppandina**




Téere bii dafay joxe ay xibaar yu jëm ci ñépp. Nekkul ay xelal ci wàllu yoon. Seetil ab awokaa ngir am ay xelal ci wàllu yoon.

## Ñu bàyyi ci xel:

www.nyc.gov/knowyourrights

**Ngir xibaar yi gëna yees,**



- **Tiimaleel sa kamera telefoŋ bi kot QR bi ci suuf te nga téye ko ay saa yu néew.**
- **Bësal ci mbind miy yëglé tey feeñ ngir mëna jot ci xibaar yi.**